# ӘЖИНИЯЗ ШЫҒАРМАЛАРЫНДА ҲАЯЛ-ҚЫЗЛАР ОБРАЗЫНЫҢ СӘЎЛЕЛЕНИЎИ

**Мақсетова Манзура**
*Түркий тиллер факультети, қарақалпақ тили ҳәм әдебияты тәлим бағдарының кешки 1-курс талабасы*

Қарақалпақ халқының XIX әсирдеги сиясий экономикалық жағдайы еркинлик ғәрезсизлик ушын еркин жасаў гүреслери Күнхожа, Бердақ, Әжинияз сыяқлы уллы қарақалпақ классик шайырларының шығармаларында кеңнен сәўлеленген. Әжинияз шайыр өзи жасаған заманның ҳәр түрли турмыс қублысларын өз поэзиясында бир нешше тематикаларға бөлип ҳәм көркем образлар арқалы кең түрде сәўлелендире алды. Солардың ишинде белгили оранды ийелейтуғын «Муҳаббат қосықлары», «Айралық ҳәм ел-журт ҳаққанда қосықлар», «Хошласыў ҳәм сәлемнамалар», «Ақыл нәсият қосықлары», «Юмор-сатиралық қосықлары» болып табылады.

Шайыр жасаған дәўир социаллық теңсизликтиң заманы болды. Шайыр өз заманындағы теңсизликлерди дурыс ҳәм кең шын мәнисинде көрсете алды. Усындай турмыс қыйыншылықлырына қарамастан Әжинияз феодаллық жәмийетте де ҳаял-қызларға болған көзқарас оның шығармаларында жеке инсаныйлық характердеги пикирлери бирин-бири толықтырып турады. Мәселен, «Әй нәзелимлер», «Яңлыды», «Садаға», «Хабарын сорайын дилбардың кимнен», «Бар енди», «Аналар» атлы лирикалары улыўма ҳаял-қызларға болған халықлық көзқараслардан турып, олардың ақыл-парасатлығы, әдеп-икрамлығы, гөззаллықлары, жәмийеттеги тутқан орнына берилген баҳалар, ал гейпара жеке ҳаял-қызларға инсан сыпатында баҳалаўларда мәселен, «Бийбигүл», «Гүлжан», «Аман ба?», «Қатша», «Бир жанан», «Йол болсын», «Бир пәрий», «Сәўдигим», «Бозатаўлы нәзелим» ҳәм тағы басқа дөретпелеринде бир-бирин толықтырыўшылық, қоллап-қуўатлаўлар менен нызамлы рәўиште биригип турады. Шайырдың усындай қосықларының бири «Садаға» қосығында балай жырланады. Мысалы:

Тәрийпиң дийейин хан Ханымбийке,
Дүньяның маҳбубы сендин садаға.
Уғылжан исмиңдүр сен жаным бийке,
Хуб билән нахубның бәри садаға.

Қолдаўлыда-Алма, балғалы-Анар,
Мүйтенде-Ақсулыў, маңғытта-Гүлзар,
Хуллас қәлам бул дүньяда ҳәрне бар,
Ол йетти ашықның бәри садаға [1.17].

Шайыр ҳәр бир урыў қызларына спатлама бере отырып олардың гөззаллығы, әдеп-икрамлығы, сабыртақатлығы, жоқары адамгершилигин көрсете отырып олардың дүньяда теңитайы жоқ, ҳеш нәрсеге алмастырып болмайтуғынлығын шайыр жоқары көтериңки руўхта жырлайды.

Шайыр лирикасының баслы қаҳарманы «инсан» оның гөззаллығы, усы адам менен, оның әдеп-икрамлығы менен бир-бирине жарасықлығын, адам өзи дүньяны жаратып тураўы менен сулыў екенлигин аңлап, сол себепли өзи бул дүньяның көрки, гүли екенлигин шайыр өзиниң узақ жыллық дөретиўшилигинде дәлиллеген ҳәм жырлап кеген. Сонлықтан да, шайыр «Бул дүньяның көрки адам баласы» деген жуўмаққа келеди. Соның ушында шайыр шығармаларында ҳаял-қызларды улығлаў олардың сыртқы келбетин ҳәм ишки руўхый гәззаллығын жырлаў мәселесине үлкен әҳмийет береди. Мысалы, шайырдың «Бозатаўлы нәзелим» қосығында былай бериледи.

Қумырысқадек қапша-қыпша беллериң,
Бармақ толы йүзүк-йүзүк әллериң,
Әсел қатқан сүжүк-сүжүк тиллериң,
Жыланды жылжытып иннен бездирер.

Писте бурнынында тилла әребек,
Екки қара көзиң екки бәледек,
Үргениш йуртунда бегим Төребек,
Тахтынан тайдырып, елден бездарер [1.12] – деп жырлайды.

Шайырдың поэзиясындағы күшли лиризим, инсан баласын ҳәр түрли жолға салыўы, ҳәттеки тахтынанда, дүнья малынанда безиўи ҳәм елиненде безиўи, гөззаллықтың алдында, ышқы муҳаббаттың алдында инсан баласының әззи екенлигин шайыр жоқары дәрежеде көркемлеп сүўретлеп жеткерип бере алған. Шайырдың усындай қосықларының бири «Бийбигүл» қосығы болып онда былай келтиреди. Мысалы:

Қуда ҳәмири билән дүньяға келдиң,
Заўқы-сапа дәўран сүрдиң Бийбигүл,
Серлеп яқшы билән яманды билдиң,
Ақылы кәмил, саҳип-тәзим, Бийбигүл.

Алтын қос билезик барды дәстиндә,
Көргенлер хызметкер пайыў-пәстиндә,
Күнде той-мереке болур үстиндә,
Саҳрада бир шәҳри-әзим, Бийбигүл [1.19].

Жуўмақлап айтқанда шайыр шығырмаларында қарақалпақ ҳаял-қызларына тән сулыўлық көринис, образ, психологиялық келбет, ишки гөззаллыға менен оның сыртқы гөззаллығын шайыр шебер бирлестирип бере алған. Бул

шайырдың ең биринши гезекте өзиниң руўхый дүньясының байлығы, өмирге мүнәсебетиниң жоқарылығы, адамгершилик сезимлериниң өткирлигинен пайда болған поэтикалық шеберлиги болып табылады.

**Пайдаланылған әдебиятлар:**

1. Каримов А, Муртазаев А. Әжинияз, таңламалы шығармалары, Нөкис: Қарақалпақстан баспасы, 1988 ж. 17.б.
2. Пахратдинов. Ә. Әжинияз шайырдың көркемлик дүньясы, Нөкис, Қарақалпақстан 2014
3. Пахратдинов Ә. Әжинияз бүлбилзибан, таңламалы шығармалары Нөкис-2014